ᠵᠠᠭᠤᠨ᠂ 75᠂ ᠨᠣᠮᠧᠷᠦ᠂ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠯ᠂ ᠪᠣᠯᠣᠨ᠂ ᠬᠣᠭᠣᠷᠣᠨᠳᠤ᠂ 17 ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤᠭᠠᠷ᠂ 1932᠂ ᠵᠢᠯᠢᠨᠳᠤ᠂ VII᠂

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠯ᠂

ᠮᠣᠩᠭᠣᠯ᠂ ᠪᠣᠳᠣᠯᠴᠢᠨ᠂ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤᠭᠠᠷ᠂ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠯ᠂ ᠬᠣᠭᠣᠷᠣᠨᠳᠤ᠂

᠂᠂᠂

ලලිත කලා අංශයේ සිදුවීම්

III.

ලලිත කලා අංශය විසින් පසුගිය අවුරුද්දේ සිදු කරන ලද කටයුතු ගැන කෙටි විමසීමක් කිරීම ..... අපි ලලිත කලා අංශය ගැන කතා කරන්නේ ලලිත කලා අංශය ලංකා ලේඛක සංගමයේ අංශයක් වශයෙන් පිහිටුවීමට ලංකා ලේඛක සංගමය ගිය අවුරුද්දේ තීරණය කළ නිසා

(tweedehandsch)

ik mij niet, ik ben van de oude school. Ik ben van de oude school, ik ben van de oude school, ik ben van de oude school,

«ضوء الألعاب النارية في مدينة بوسطن»

الأمر الذي يجعل من الصعب على الأطفال الصغار أن يتعلموا الكلام بسرعة. وهكذا فإن الأطفال الذين يعيشون في بيوت يكثر فيها الضجيج يتعلمون الكلام بسرعة أكبر من الأطفال الذين يعيشون في بيوت هادئة. وهذا يعني أن الأطفال الذين يعيشون في بيوت هادئة يتعلمون الكلام ببطء أكبر من الأطفال الذين يعيشون في بيوت يكثر فيها الضجيج

ગામ અને શહેર

ગામ અને શહેર વચ્ચે ફરક શું? ગામ એટલે ખેતરો, ઝાડ અને ખુલ્લી હવા. શહેર એટલે ઊંચાં મકાનો, રસ્તા અને ઘોંઘાટ. ગામમાં સૂર્યોદય પહેલાં પક્ષીઓનો કલરવ સંભળાય છે. શહેરમાં સૂર્યોદય પછી વાહનોનો અવાજ શરૂ થાય છે. ગામમાં માટીનાં ઘર હોય છે. શહેરમાં સિમેન્ટનાં મકાનો હોય છે. ગામમાં ચાલીને જવાય છે. શહેરમાં વાહન વાપરવું પડે છે. ગામમાં પાણી કૂવામાંથી ભરાય છે. શહેરમાં નળમાંથી આવે છે. ગામમાં રાત્રે અંધારું હોય છે. શહેરમાં રાત્રે પણ અજવાળું હોય છે. ગામમાં વસ્તી ઓછી હોય છે. શહેરમાં વસ્તી ઘણી હોય છે. ગામમાં ખેતી મુખ્ય વ્યવસાય છે. શહેરમાં નોકરી મુખ્ય વ્યવસાય છે. ગામમાં શાંતિ હોય છે. શહેરમાં અવાજ હોય છે. ગામમાં ઝાડ ઘણાં હોય છે. શહેરમાં ઝાડ ઓછાં હોય છે. ગામમાં ગાય-ભેંસ હોય છે. શહેરમાં કૂતરાં હોય છે. ગામમાં તહેવારો ઉજવાય છે. શહેરમાં તહેવારો ઉજવાય છે. ગામમાં ઘર ખુલ્લાં હોય છે. શહેરમાં ઘર બંધ હોય છે. ગામમાં પડોશી ઓળખાય છે. શહેરમાં પડોશી ઓળખાતા નથી. ગામમાં શાળા નજીક હોય છે. શહેરમાં શાળા દૂર હોય છે. ગામમાં ચોમાસું ગમે છે. શહેરમાં ચોમાસું નડે છે. ગામમાં ઉનાળો સહન થાય છે. શહેરમાં ઉનાળો સહન થતો નથી. ગામમાં ખેડૂત રાજા છે. શહેરમાં નોકર રાજા છે. ગામમાં ગોળ ખાવાય છે. શહેરમાં ચૉકલેટ ખાવાય છે. ગામમાં ગરબા રમાય છે. શહેરમાં ડિસ્કો રમાય છે. ગામમાં ભજન ગવાય છે. શહેરમાં ગીત ગવાય છે. ગામમાં ચા કૂવાકાંઠે પીવાય છે. શહેરમાં ચા કૅન્ટીનમાં પીવાય છે. ગામમાં ગધેડાં ભાર ઊંચકે છે. શહેરમાં ટ્રક ભાર ઊંચકે છે. ગામમાં ઘંટી હાથે ચલાવાય છે. શહેરમાં ઘંટી વીજળીથી ચાલે છે. ગામમાં ચોરી ઓછી થાય છે. શહેરમાં ચોરી વધુ થાય છે. ગામમાં ઘર ઉપર નળિયાં હોય છે. શહેરમાં ઘર ઉપર ધાબાં હોય છે. ગામમાં ઘર આગળ ફળિયું હોય છે. શહેરમાં ઘર આગળ ગલી હોય છે. ગામમાં ગોબર ખાતર તરીકે વપરાય છે. શહેરમાં ગોબર ગંદકી તરીકે ગણાય છે. ગામમાં ઘર ઉપર ધજા ફરકે છે. શહેરમાં ઘર ઉપર ધ્વજ ફરકે

ཁ་ལག་ཅན་ཁ་ཟས་ཀྱི་ཚོང་ཁང་ཆེ་ཤོས།

ཁ་ལག་ཅན་ཁ་ཟས་ཀྱི་ཚོང་ཁང་ཆེ་ཤོས་ཀྱི་ལས་ཀ་ཡིན་ཡང་ཁ་ལག་ཅན་ཁ་ཟས་ཀྱི་ཚོང་ཁང་ཆུང་ཆུང་ཡང་ཡོད་ཅིང་ཡོད། ཁ་ལག་ཅན་ཁ་ཟས་ཀྱི་ཚོང་ཁང་ཆུང་ཆུང་ཡང་ཡོད་ཅིང་ཡོད། ཁ་ལག་ཅན་ཁ་ཟས་ཀྱི་ཚོང་ཁང་ཆེ་ཤོས་ཀྱི་ལས་ཀ་ཡིན་ཡང་

Utrecht

Kapurtala (ᠴᠠᠭᠠᠨᠳᠠᠯᠠᠶᠢᠨ) ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠳᠠᠷᠠᠭᠠᠨᠳᠠᠨᠠᠭᠠᠨᠠᠴᠠᠭ

[illegible]

[illegible] 74

[illegible]

ijzerhoudend

ijzerhoudend (adj.) [ˈɛiˌzərˈhˈʊˈdˈɛnˈt] ~

[illegible]

[illegible]

Soeh.

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

NGOBROL ING DINTEN SABTOE

Betjik ketitik ala ketara.

Toemraping dongèng paribasan inginggil poenika temtoe saged nemahi sajektos, inggih poenika lelampahan saé poenapadéné lelampahan awon, sanadyan dipoen oempetaken saklangkoeng rempit, satemah mesṭi inggih ladjeng saged kasoemerepan ing tijang. Ing woesana ingkang lampah saé inggih baḍé angsal gandjaran, kosokwangsoelipoen ingkang lampah awon inggih boten baḍé linepataken saking bendoening Pangéran. Para maos temtoenipoen boten baḍé kekilapan ḍateng tjariosipoen R. Damarwoelan. Kadospoendi tjaranipoen Kjana Patih Loegendèr anggènipoen baḍé ngoempetaken ḍateng kesaénanipoen R. Damarwoelan, kados-kados sampoen boten ngoetjiwani, éwasamanten dangoening dangoe inggih meksa kaoeningan déning Sang Retna Ratoe Ajoe. Kosokwangsoelipoen kados Kjana Patih Loegendèr inggih boten kirang anggènipoen baḍé ngeḍèng-eḍèngaken toewin mamèr-mamèraken ḍateng kaoetamèning anakipoen kekalih, R. Lajang Séta toewin Lajang Koemitir, nanging ḍasaripoen inggih pantjèn awon, ing woesananipoen meksa saged kadjodèran.

Makaten menggahing wonten ing dongèng, inggih dongènga saking Amérika, Europa, Afrika, poenapadèné saking tanah Arab pisan, poenika liding dongèng mesṭi inggih: „Sapa sing betjik mesṭi ketitik, sapa sing ala mesṭi ketara."

Nanging toemrap ing djaman ramé, djaman materialisme (kadoenjan), djaman oenggoel-oenggoelan, malah kénging koela wastani; djaman paméran poenika, sadjakipoen sadaja-sadaja ladjeng santoen saréngat. Semoenipoen ing djaman ingkang makaten poenika, ingkang ragi dipoen tengenaken sanget déning sawenèhing tijang, djeboel malah temboeng: „*éṭok-éṭok*". Menggah temboeng éṭok-éṭok poenika sami kalijan temboeng réwa-réwa, tegesipoen boten sanjatanipoen, dados inggih namoeng tiroe-tiroe kémawon. Kadosta oepaminipoen: éṭok-éṭok prijaji geḍé, poenika njatanipoen inggih sanès prijaji loehoer, nanging sadaja solah tingkah, tandang tandoekipoen ingkang dipoen tiroe, dipoen émba prijantoen loehoer sajektos, dados oepaminipoen kémawon: lenggahipoen inggih wonten ing koersi ngaḍepaken médja, ḍaharipoen inggih roti mertéga lan kèdjoe, sesipoen sroetoe, oendjoek-oendjoekanipoen kopi lan melk, malah manawi kaleres ngoendjoek wédang kok ladjeng baḍé ḍawoeh kalijan tijang, poenika inggih mawi dipoen lagokaken tjara prijantoen loehoer sajektos, kadosta makaten: „Sri-pit, hek-hem, Kromopawiro....." Lo, solah ingkang makaten waoe sadaja inggih ngemoengaken manawi wonten ing sangadjengipoen tijang kaṭah, déné manawi kaleres pijambakan, inggih ladjeng njara lagéjanipoen pijambak. Inggih ingkang makaten poenika, ingkang koela wastani: éṭok-éṭok prijaji loehoer.

Wonten malih, inggih poenika: éṭok-éṭok betjik atiné. Poenapa tijang ingkang makaten poenika pantjèn sajektos saé manahipoen, koela boten saged matoer. Amoeng kémawon manawi wonten kasoesahan poenapa-poenapa,

R. Damarwoelan.

limrahipoen tijang ingkang „éṭok-éṭok betjik atiné" waoe, mesṭi ladjeng énggal-énggal soeka pitoeloengan, samanten poenika manawi anggènipoen soeka pitoeloengan waoe ajagipoen baḍé kasoemerepan ingakaṭah. Manawi wonten tijang ngempalaken derma kanggé poenapa kémawon, anggènipoen ngrogoh kanṭong wani lebet. asal namanipoen saged mentèrèng wonten ing serat kabar. Makaten sapitoeroetipoen.

Dados anggènipoen „éṭok-éṭok prijaji loehoer" oetawi „éṭok-éṭok betjik atiné" poenika boten dipoen tindakaken kanṭi lahir batos, ngemoengaken kanggé paméran, oetawi anggaḍahi mélik, tjikbèn.....enz.

Poenapa malih toemrap kasaénan oemoem, wonten ing djaman kadoenjan poenika, boten langka kémawon

ingkang sok ladjeng „éṭok-éṭok betjik atiné". Sanadyan sajah toewin kangélan, poenapadéné sok ngantos kétjalan arta kaṭah. paṭokanipoen asal saged kasoemerepan ing oemoem, inggih meksa dipoen lampahi.

Kosokwangsoelipoen inggih boten kirang kémawon tijang ingkang boten migoenakaken ḍateng temboeng

R. Ajoe Adipati Mr.-Cornelis.

„éṭok-éṭok" waoe, nanging sadaja ingkang dipoen tindakaken sarana lahir batos, manah djoedjoer toewin soetji, kanṭi boten pisan-pisan anggaḍahi manah sanès-sanèsipoen, kadjawi namoeng angèngeti ḍateng kamanoengsanipoen. Tijang ingkang temen-temen makaten poenika, koela sadaja wadjib sami angoermati toewin angloehoeraken, kanṭi boten mawang tijang toewin bangsa, amoeng ngèngetana ḍateng paribasan Walandi ingkang moengel makaten: „Eere wien eere toekomt" Tegesipoen: ngadjènana sapa sing pantes diadjèni.

Amila inggih adamel ageng manah koela, déné doemoeginipoen sapriki tetijang siti taksih poeroen amèngeti ḍateng swargi toewan Deventer toewin njonjahipoen ingkang samangké taksih soegeng. Djalaran sakalihkalihipoen, sanadyan bangsa Walandi, katingal sanget, bilih temen-temen saé panggalihanipoen, dados boten nama namoeng „éṭok-éṭok" kémawon. Pinten-pintenn lelabetan ingkang sampoen dipoen soemerepi ingakaṭah menggah toemraping bangsa koela pijambak. Boektinipoen samangké wontenipoen sekolahan-sekolahan Deventer ing poendi-poendi panggénan.

Lah, samangké sinten tijang ingkang sampoen tepang saha sampoen mireng pawartos kawontenanipoen R. Ajoe Adipati ing Mr. Cornelis toemrap tradjang oetawi padamelanipoen ḍateng kasosialan, temtoe sami lega sarta bingahing manah, déné pandjenenganipoen waoe dipoen aosi sanget lelabetanipoen déning Pamaréntah, boektinipoen kalampahan ngantos dipoen paringi tanḍa kaoermatan bintang. Bintang ingkang dipoen paringaken waoe tetéla sanès bintang ingkang kesasar, sabab sadaja ingkang sampoen dipoen tindakaken waoe padamelan ingkang sarwa kanṭi soetji. Tegesipoen boten saking anggèning pados alembana toewin katingaling asmanipoen. Kadosta: anggènipoen taloesoepan ḍateng ing kampoeng-kampoeng preloe anggelaraken seserepan bab saéning pangoepakaranipoen baji, kasarasaning badan, lan sasaminipoen, ingkang migoenani sanget toemrap gesang lan panggesanganipoen tijang ing kampoeng-kampoeng. Amila menggah raosing manahipoen ngakaṭah lahir batos sami mangajoebagja menggah sih kadarmanipoen Pamaréntah anggènipoen sampoen angèngeti ḍateng lelabetan oetami sarta soeṭji, ingkang kaparingaken ing Pandjenenganipoen R. Ajoe Adipati ing Mr. Cornelis waoe. Ingkang poenika Redaktie Kadjawèn wadjib boten poeroen kantoen anḍèrèk bingah saha ngatoeraken widadaning kasoegengan toewin tansah amoemoedji moegi-moegi lelabetanipoen Sang Minoelja waoe saja moerakabana ḍateng sawewengkon ingrikoe loemèbèripoen ḍateng ingakaṭah.

Mitoeroet anḍaran inginggil dados tetéla, bilih tetijang ngriki poenika boten ambédakaken tijang toewin bangsa, poenapa malih bab ageng aliting deradjatipoen. Manawi toemindakipoen kasosialan waoe kanṭi soetji saèstoe, sampoen temtoe sanadyan boten mawi dipoen pamèr-pamèraken, dangoening dangoe mesṭi inggih kasoemerepan. Awit sanadyan djaman samangké poenika nama djaman paméran, éwadéné paribasan „Betjik ketitik ala ketara" kaḍangkala inggih sok saged noemoesi.

Kadjawi R. Ajoe Adipati ing Mr. Cornelis waoe, ing tanah ngriki temtoenipoen inggih wonten malih poetri, inggih bangsa Djawi poenapadéné bangsa Sabrang, ingkang atradjang ḍateng kasaénan oemoem. Déné doemoeginipoen samangké dèrèng ingaosan déning Nagari, inggih poenika dèrèng dipoen pèngeti ingkang awoedjoed gandjaran bintang, poenika boten kok sabab wonten ing tanah ngriki boten dipoen aosi oetawi dipoen regèni, nanging bokmanawi pantjèn dèrèng ḍawab mangsanipoen, oetawi anggènipoen tindak kasosialan waoe namoeng gelaripoen kéwawon, tegesipoen boten klajan temen-temen kanṭi soetjining manah.

Sarèhning sadèngah kawontenan oetawi tindak tandoek ingkang ngemoe kadjeng mèlikaken dateng kaloehoeran poenika boten sepi temtoe kasandang déning kawoela, mila boten kénging boten lelampahanipoen satoenggal-toenggaling tijang waoe badé manggih kawoesanan, sarta woesananipoen inggih warni-warni, wonten ingkang notjogi kados pangadjeng-adjengipoen, saweneh malih wonten ingkang malah adamel gela, déning mroetjoet ingkang kinadjengaken.

Toemrap ing tanah ngriki warni-warni gelar toewin lampahing pangoedi moerih oetamining gesangipoen, nanging menggahing kabatosan wonten ingkang toemindak nista lan asor, oetawi wonten ingkang toemindak oetami sarta soetji.

Sampoen katah kémawon, wonten satoenggiling panoentoen, ingkang swaranipoen kados gelap ngampar, nanging sareng dipoen iming-imingi kamoektèn, ladjeng tjep tanpa sabawa pinda orong-orong kepidak, bebasanipoen. Poenapa malih sareng saged kelampahan dados loehoer saèstoe, o, lah dalah, dateng bangsanipoen moengkoer gangsir, lo, kok samanten oekoeraning kaloehoeranipoen.

Wonten malih, satoenggiling bangsa mantja, bilih noedjoe wonten ing parepatan, wah swaranipoen ngantos angontragaken bantala, éwasamanten sareng swara waoe dipoen lintoni kaloehoeran, kok inggih ladjeng angglèntèr dolanan pijambak, aring boten nangis atjetjengèran.

Minangka toetoeping obrolan koela poenika, koela tansah angadjeng-adjeng toewoehing pitoeloengan saba tindak ingkang oetami toemraping raos lahir batin, ngantos kelampahan doemoegi poenapa ingkang kinadjengaken dateng bangsa lan noesanipoen poen

PENTOEL.

KABAR WARNI-WARNI

PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS.

TANAH NGRIKI.

Rara Siti Marijam. Roemijin Kadjawèn sampoen patè martosaken ing bab anggènipoen Rara Siti Marijam angladjengaken pasinaonipoen dateng nagari Walandi. Ing sapoenika sampoen kasembadan loeloes angsal hoofdacte. Kala dinten Kemis kapengker, Rara Siti Marijam waoe sampoen wangsoel ngadjawi noempak kapal Dempo. Wiloedjeng boten kirang satoenggal poenapa.

Wangsoelipoen Rara Siti Marijam waoe temtoe adamel agenging manahipoen bangsa Djawi, saja malih toemrap para wanita.

Dr. énggal. Toewan Marzoeki, roemijin Ind. Arts, loeloes examen Arts ing Leiden.

Satoenggiling bebatèn tanah ngriki. Moegi toewan Dr. énggal waoe samangsa doemoegi ingriki saged nindakaken pitoeloengan ingkang moerakabi ingakatah.

Lindoe ing Ambon. Kala tanggal 9 woelan poenika ing Ambon wonten lindoe ageng, keraosipoen tansah loemintoe. Ing Talehoe wonten grija ambroek tjatjah 60. Tetijang sami ngili, kasangsaran boten wonten.

Déné tansah wonten - wonten kémawon.

Doenoengipoen Verkeersdepartement. Mitoeroet pawartos, ing bab adeging Verkeersdepartement, badé kawontenaken ing Bandoeng.

Wewahing departement énggal waoe temtoe adamel indaking ardjanipoen kita Bandoeng.

Borotan ing pagadéan. Beheerder pagantosan ing Pangkalan Brandan nalika dipoen priksa ing pangageng parimatanipoen arta kirang f 6000.— Dakwa ngakeni, arta telas kanggé main.

Poenika notjogi, panganggénipoen arta gampil, telasipoen gampil, toer inggih anggampilaken papriksan. Hem, toemrapipoen djaman kados makaten, arta samanten poenika inggih boten sekedik.

Badé njatoenggalaken paresidénan. Wonten pawartos, paresidénan Prabalingga toewin Malang badé dipoen dadosaken satoenggal.

Pinanggihipoen ing djaman pangiridan, katah éwah-éwahan ingkang pikantoekipoen sarwa ngengirangi. Poendi ingkang ngirid, inggih poenika ingkang badé toemindak.

Ambékot Bintang Timoer. Pangrèh ageng P. G. H. B. mentas ngrampoengi rembag, medot anggènipoen maos Bintang Timoer, amargi ngewrat pakabaran boten njata bab pandamelipoen grija P. G. H. B. ing Betawi.